



Pou Piblikasyon Imedya: 11/10/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL LANSE PREMYE FAZ EMPIRE AI, KI ALIMANTE RECHÈCH ESANSYÈL POU BYEN PIBLIK LA SIS MWA SÈLMAN APRÈ BIDJÈ ANE FISKAL 2025**

*New York se premye nan nasyon an pou etabli yon konsòsyòm nan enstitisyon rechèch piblik ak prive ki fè avanse rechèch sou IA pou byen piblik la nan echèl sa a*

*Gwo kontribisyon filantwopik ki soti nan Fondasyon Simons pèmèt chèchè yo demare rapidman epi bay pisans enfòmatrik pami sa ki pi elve yo nan Etazini*

*Doktè Robert Harrison, ekspè nan sipè-òdinatè, nonmen kòm Direktè Pwovizwa Empire AI; Inogirasyon Konsèy administratè yo te nonmen pou asire yon gouvènans solid*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a premye Konsòsyòm Empire AI nasyon New York la pral kòmanse rechèch nan sezon otòn sa a, sis mwa sèlman aprè li te enkli nan Bidjè adopte pou ane fiskal 2025 la. Fondasyon Simons fè yon kontribisyon filantwopik nan premye pisans enfòmatrik ak ekip ekspè, ki te pèmèt Empire AI demare rapid rechèch li yo. Loje nan Inivèsite Buffalo, premye faz Empire AI sa a reprezante yon pati nan pisans enfòmatrik ki pi solid nan nasyon an. Nan non konsòsyòm nan, Inivèsite Buffalo te lanse tou yon demann pwopozisyon pou enstalasyon pèmanan sant enfòmatrik entèlijans atifisyèl modèn nan tout echèl la.

"New York ap ekri pwochen chapit istwa imen an ak inisyativ istorik Empire AI nou an — ki mete inovasyon, rechèch ak teknoloji nan premye plan nan investisman nou yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Empire AI santre nan enterè piblik la, epi etap sa a ap mennen nou pi pre itilizasyon teknoloji sa a pou fòme yon pi bon avni pou Nouyòkè yo."

Manm Konsòsyòm Empire AI pral pwofite kapasite rechèch inisyal la, apati otòn sa a, pou avanse rechèch ki vize pou leve gwo defi sosyete a pou byen piblik la. Efò sa yo pral konsantre sou domèn esansyèl tankou chanjman nan klima ak rezistans, diferans ak entèvansyon nan sante, akselere dekouvèt medikaman, demokratize edikasyon pou tout popilasyon yo, ak konbat ensekirite alimantè mondyal ak povrete nan vil yo.

IA ak enfòmatrik gran pèfòmans Empire AI ofri pral jwe yon wòl esansyèl nan rezoud lòt pwoblèm konplèks, tankou solisyon enèji dirab, menas sekirite enfòmatrik, dyagnostik swen sante avanse, devlopman ekonomik ekitab, ak optimize enfrastrikti pou vil entelijan.

Gouvènè a te anonse tou Doktè Robert J. Harrison nan Inivèsite Stony Brook te nonmen kòm direktè egzekitif pwovizwa pou dirije Konsòsyòm lan, pandan y ap mennen rechèch nasyonal pou premye lidè pèmanan Konsòsyòm lan. Pwofesè Robert Harrison se direktè fondatè Enstiti pou Syans Enfòmatrik Avanse nan Inivèsite Stony Brook, ki te kreye an 2012 gras ak dotasyon Jim ak Marilyn Simons. Atravè lidèchip li, enstiti a te jwenn rekonesans entènasyonal kòm yon sant rechèch miltidisyiplinè sou IA ak enfòmatrik. Gwo Karyè li nan fwontyè syans ak enfòmatrik gran pèfòmans te dewoule nan mond inivèsite ak nan plizyè laboratwa nasyonal Depatman Enèji Ameriken tankou Laboratwa Nasyonal Brookhaven isit la nan New York, nan Long Island, ak Laboratwa Nasyonal Oak Ridge, Tennessee, kote ki gen aktyèlman òdinatè syantifik ki ouvri pi rapid nan mond lan.

Gouvènè Hochul te anonse tou yon konsèy administrasyon Empire AI ki pral gen ladan reprezantan nan Eta a ak patnè edikasyon Konsòsyòm ki pi elve yo —Inivèsite Vil New York, Inivèsite Cornell, Inivèsite Columbia, Inivèsite New York, Enstiti Politeknik Rensselaer ak Inivèsite Eta New York.

Anplis de sa, Konsòsyòm Empire AI te ofisyèlman konstitiye kòm yon sosyete san bi likratif nan New York epi pran mezi esansyèl pou garanti yon gouvènans ak responsablite solid, tankou adopte règleman administratif ak règleman kle yo. Fondasyon Simons ki bay kapasite enfòmatrik la pral bay chèchè nan Konsòsyòm lan opòtinite pou yo kòmanse rechèch avanse imedyatman pandan y ap konstwi pi gwo etablisman an.

**Prezidan Fondasyon Simons, David Spergel, te deklare,** "Fondasyon Simons kontan pou l sipòte efò Gouvènè a pou ranfòse New York kòm yon sant pou syans enfòmatrik. Semèn sa a, yo te bay chèchè IA yo pri Nobèl nan Chimi ak Fizik. Empire AI pral pèmèt chèchè ak etidyan Eta New York yo vin inovatè yo k ap kreye pwochen gwo lide yo nan syans ak teknoloji."

**Rektè SUNY an, John B. King, Jr., te deklare,** "Empire AI ap asire lidèchip Eta New York nan AI pou byen piblik la, epi Inivèsite SUNY nan Albany, Binghamton, Buffalo, ak Stony Brook fyè pou mete tèt yo ansanm pou mennen rechèch ak inovasyon ak lòt enstitisyon prensipal Eta New York. Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul, epi nou rekonesan pou ekspètiz ak angajman Fondasyon Simons, Tom Secunda, tout konsèy administrasyon an, ak chèchè ak anseyan yo atravè SUNY ak edikasyon siperyè."

**Rektè CUNY an, Félix V. Matos Rodríguez te deklare,** "Gouvènè Hochul te pozisyone New York kòm yon pòt Drapo nasyonal pou devlopman responsab teknoloji IA epi gras a sipò jenere li, Fondasyon Simons te rann li posib pou Konsòsyòm Empire AI etabli rapidman yon estrikti fondamantal ak gouvènans solid. CUNY fyè pou kontribye

ekspètiz rechèch Konsòsyòm Empire AI pyonye Eta New York, ki pral eksplwate bèl potansyèl syans enfòmàtik yo pou sèvi byen piblik la yon fason ki responsab ak ekitab."

**Ko-fondatè Bloomberg LP Tom Secunda te deklare,** "Anba lidèchip Gouvènè Hochul, Empire AI te pozisyone New York kòm lidè nasyonal nan inovasyon AI lè li bay enstitisyon rechèch nou yo ak ekip li yo zouti ki gen enpak sa yo, ki rezève jeneralman pou pi gwo konpayi teknoloji yo. Don fòmèdab sa a ki soti nan Fondasyon Simons pral pèmèt pèsonèl manm Konsòsyòm Empire AI pou demare rechèch yo davans epi kòmanse eksplwate pisans IA pou byen piblik la. Empire AI pral non sèlman akselere dekouvèt, men li pral kreye nouvo kalite dekouvèt, e kounye a, enstitisyon Inivèsite yo gen yon kòmansman, nou pi pre pwochen dekouvèt syantifik la. Nou rekonesan anvè tout enstitisyon k ap patisipe ki aksepte konsakre tan ak resous enpòtan yo nan pwòje sa a, epi nou kontan akeyi Dr. Harrison nan efò sa a."

**Pwofesè nan Inivèsite Stony Brook ak Direktè egzekitif Iterim IA Dr. Robert Harrison te deklare,** "Se yon privilèj ak gran jwa pou m rantre nan Empire AI nan moman fòmasyon sa a. Investisman istorik Gouvènè a nan Empire AI pral tranfòme rechèch ak inovasyon atravè Eta New York. Li bay chèchè nou yo aksè a teknoloji enfòmàtik gwo pèfòmans nan yon echèl ki tipikman rezève pou sèlman pi gwo konpayi teknoloji yo oswa nasyon yo, sa ki pozisyone Eta New York nan tèt nasyon sou dekouvèt syantifik ak konsepsyon tenik ki pèmèt IA."

**Prezidan University at Buffalo a, Satish K. Tripathi, te deklare,** "Akòz lidèchip vizyonè Gouvènè Hochul, nan jenewozite Fondasyon Simons, ak nan sipò lejislati eta a, NYS kounye a dispoze pisans enfòmàtik ki nesèse pou avanse rechèch sou entèlijans atifisyèl. Empire AI pral plase NYS nan episan inovasyon IA. Inisyativ revolisyonè sa a pral pèmèt chèchè atravè konsòsyòm lan itilize pisans IA pou rezoud kèk nan pwoblèm ki pi twouban nan mond nou an. UB trè fyè akeyi Empire AI."

**Prezidan Iterim Inivèsite Cornell Michael Kotlikoff te deklare,** "Cornell bat bravo pou vizyon Fondasyon Simons ki pèmèt ak Empire AI ak chèchè Inivèsite yo nan Eta New York, benefisye 'premyè limyè', jan Gouvènè Hochul te rekòmande l. Nou kontan kolaborasyon rechèch yo atravè Cornell ak lòt enstitisyon inivèsite ak rechèch ki mennen rechèch enfòmàtik sou IA pou mennen pi gwo dekouvèt la ak tradiksyon nan sosyete a."

**Prezidan Inivèsite New York, Linda G. Mills, te deklare,** "Inivèsite New York pasyone anpil pa opòtinite Empire AI prezante epi fyè pou l travay ansanm ak enstiti siperyè New York pou fè pwogrese IA ak enfòmàtik gwo pèfòmans ki pral benefisye an menm tan dekouvèt syantifik epi ede New York rete yon destinasyon pou teknoloji dènye kri. Nou remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li ki kontinye sou pwoblèm sa a ak pou sipò patnè nou yo nan Fondasyon Simons la."

**Prezidan Enstiti Politeknik Rensselaer, Martin A. Schmidt, te deklare,** "RPI felisite devouman Gouvènè Hochul pou fè de New York yon lidè nan eksplwatasyon ak pisans IA pou benefis tout moun. Avèk vizyon revolisyonè gouvènè a ak sipò jenere epi

kolaborasyon patnè nou yo, nou kontan antreprann pwochen faz sa a nan Empire AI pou akselere rechèch ak inovasyon enpòtan."

**Cornell Tech Jack ak Rill Neafsey Dean ak Vis Pwovost Greg Morrisett te deklare,** "Konsòsyòm Empire AI ap adrese yon bezwen vital: chèchè inivèsite yo bezwen aksè a nan machin enfòmatrik modèn pou de rezon. Premyèman, kalite rechèch sa a kounye a pral dekouvri nouvo opòtinite pou IA ede rezoud gwo defi yo tankou swen sante abòdab ak ekita ak adaptasyon klima alavni. Dezyèmman, kalite kominote rechèch sa a dedye pou eksplòre limit, teknoloji, ak règleman yo ki nesèsè pou asire ke IA sèvi enterè piblik la avèk konfyans."

**Vis Prezidan egzekitif Inivèsite Columbia pou Rechèch ak Pwofesè Enfòmatrik, Jeannette M. Wing te deklare,** "Kominote chèchè Columbia a kontan gen aksè a pisans enfòmatrik Empire AI, chèchè yo ki devlope teknik IA dènye kri ki itilize IA pou konprann sèvo a, modèl tè a, oswa konbat move enfòmasyon te deja eksprime motivasyon yo. Lidèchip Gouvènè Hochul konbine avèk tout travay enstitisyon manm Empire AI ap poze fondasyon syantifik ak etik IA pou jenerasyon k ap vini yo."

**Manm Asanble Steve Otis te deklare,** "Angajman finansye Gouvènè a ak Lejislati a te deja abouti nan ogmantasyon investisman sektè prive a nan fabrikasyon gwo teknoloji ak lidèchip nan IA ki te dirije pa SUNY ak Konsòsyòm Empire AI. Komite nou an te vizite UB ete sa a pou rankontre aktè kle nan ekip SUNY ki ap dirije Konsòsyòm Empire AI. Travay Gouvènè Hochul ak Chanselye King bay yon plan dakasyon pou reyisit ekonomik kontinye pou New York. Lidèchip nou an nan teknoloji ak inovasyon pral kreye travay ak nouvo patnè biznis pou devlope ekonomi nou an."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Tech:NYC, Julie Samuels, te deklare,** "Gras a lidèchip Gouvènè Hochul ak don jenere sa a ki soti nan Fondasyon Simons, Empire AI ap fonksyone plizyè mwa an avans sou kalandriye a, sa ki pèmèt ak manm Konsòsyòm yo akselere rechèch revolisyonè yo epi kòmanse itilize entelijans atifisyèl pou byen piblik la ankò pi bonè. New York deja nan premye plan nan devlopman IA pou rezoud pwoblèm sosyete a - kounye a, lansman antisipe Empire AI pral kreye opòtinite pou akselere dekouvèt ak pouse anvlòp la menm pi lwen. Ansanm, avèk enstitisyon piblik ak prive, nou enpasyan deklanche rechèch ak devlopman IA ki an sekirite, ekita ak aksesib, epi ranfòse New York antanke yon lidè nan IA responsab."

### **Elaji Entelijans Atifisyèl atravè Eta New York**

Aksè ak resous enfòmatrik ki alimante sistèm IA yo koute chè anpil epi difisil pou jwenn. Resous sa yo de pli zan pli konsantre nan men gwo konpayi teknoloji yo, ki kenbe gwo kontwòl ekosistèm devlopman IA a. Pa konsekan, chèchè yo, òganizasyon enterè piblik yo ak ti konpayi yo ap rete dèyè, sa ki gen gwo enplikasyon pou sekirite IA ak sosyete a an jeneral. Empire AI pral konble vid sa a epi akselere devlopman IA ki santre sou enterè piblik la nan Eta New York. Pèmèt rechèch ak devlopman pyonye nan IA sa a pral ede tou enstitisyon edikatif yo mennen nan jèn antrepriz teknoloji lavni yo ki konsantre sou IA, pou mennen nan ogmantasyon travay.

Konsòsyòm Empire AI gen ladan sèt enstitisyon fondamantal ki baze nan New York: Inivèsite Columbia (Columbia University), Inivèsite Cornell (Cornell University), Inivèsite New York (New York University), Enstiti Politeknik Rensselaer (Rensselaer Polytechnic Institute), Inivèsite Eta New York (State University of New York, SUNY), Inivèsite Vil New York (City University of New York, CUNY) ak Enstiti Flatiron (Flatiron Institute) Lè nou ogmante kolaborasyon ant enstitisyon rechèch klas mondyal Eta New York yo, Empire AI pral pèmèt rive nan anplè ki pa posib pou yon sèl inivèsite atenn poukont li, bay otonomi ak atire gwo pwofesè ak elaji opòtinite edikatif yo, epi mennen nan yon vag inovasyon responsab ki pral ranfòse anpil ekonomi eta nou an ak sekirite nasyonal nou.

Inisyativ la pral finanse pa plis pase 400 milyon dola nan investisman piblik ak prive, ki gen ladan yon investisman sibvansyon kapital 250 milyon dola, ak 25 milyon dola sou dizan nan finansman SUNY. Pwojè a pral resevwa tou plis pase 125 milyon dola nan men enstitisyon fondatè yo ak lòt patnè prive, tankou Fondasyon Simons ke Enstiti Flatiron travay pou li pou avanse rechèch atravè metòd enfòmatis, ak Tom Secunda, ko-fondatè Bloomberg LP ak Secunda Family Foundation, ki bay plizyè milyon dola pa ane nan sibvansyon pou konsèvasyon, swen sante, avansman syantifik ak lòt kòz.

Anplis de sa, nan kad bidjè a, Gouvènè Hochul te siyen lejislasyon pou priorize itilizasyon IA ki san danje ak etik pandan eta a kontinye devlope anprent IA li. Lejislasyon an gen ladann yon egzijans pou tout fòm komunikasyon politik – tankou imaj, videyo, odyo, tèks oswa nenpòt reprezantasyon teknolojik nan diskou oswa konduit – divilge itilizasyon medya ki materyèlman twonpè.

### **Pwogram Inovasyon Gouvènè Hochul**

Angajman Gouvènè Hochul pou fè avanse lidèchip New York nan entelijans atifisyèl chita sou pi gwo ajanda li a pou elaji devlopman teknoloji dènye kri nan Empire State la. Nan kòmansman ane sa a, Gouvènè Hochul te anonse Direktè Egezekitif Jeneral IBM Arvind Krishna ak Direktè Egezekitif Jeneral Girls Who Code Doktè Tarika Barrett pral ko-prezide nouvo Konsèy Konsiltatif Teknoloji k ap Emèje a – yon gwoup endepandan lidè endistri ki responsab pou enfòmè ak akselere transfòmasyon New York nan yon sant pou kwasans ak inovasyon. Gouvènè a te siyen anvan sa lejislasyon istorik Green CHIPS New York pou estimile rechèch, devlopman ak fabrikasyon semi-kondiktè nan Eta New York epi li te anonse yon patenarya 10 milya dola pou pote rechèch pis pwochèn jenerasyon an nan Konplèks NanoTech Albany NY CREATES la. Gouvènè a te kontinye fè avanse yon Inisyativ Syans Lavi 620 milyon dola pou sipòte inovasyon nan rechèch byomedikal. Epi, atravè investisman estratejik tankou inisyativ 113.7 milyon dola Battery-NY, Gouvènè Hochul te ankouraje kwasans dirabilite, teknoloji vèt, ak ekonomi depo enèji nan Eta New York.

Ajanda inovasyon Gouvènè a te katalize gwo investisman piblik ak prive, ki transfòme ekonomi New York epi kreye travay ki byen peye nan lavni. Dènyèman, GlobalFoundries te anonse yon investisman 11.6 milya dola pou elaji kanpis fabrikasyon pis li a nan Rejyon Kapital New York, sa ki kreye 1,500 djòb dirèk ak plizyè milye djòb endirèk. An 2022, Micron te anonse yon investisman 20 ane, 100 milya dola pou kreye yon kanpis megafab nan Sant New York, k ap kreye 50,000 nouvo djòb dirèk

ak endirèk epi debloke plizyè santèn milyon dola nan benefis kominote a. Inisyativ Syans Lavi Gouvènè a te ede solidifye seleksyon New York pou 300 milyon dola Chan Zuckerberg Biohub New York, yon sant rechèch byomedikal nan Vil New York, ak gwo investisman Schrödinger, Inc., Deerfield Discovery and Development, ak lòt biznis syans lavi yo. Nan kòmansman ane sa a, National Science Foundation te anonse tou yon investisman 160 milyon dola nan Motè Estokaj New Energy New York nan Inivèsite Binghamton pou etabli yon sant pou inovasyon, tradiksyon teknoloji, ak devlopman mendèv pou ogmante kapasite endistri batri domestik la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)